2019– 2021

DELAWARE WIC

# GID PWOGRAM NAN

ENFÒMASYON POU PATISIPAN YO



SÈVIS SANTE AK SOSYAL DELAWARE

Divizyon Sante Piblik

Pwogram WIC

# SA POU POTE LÈ OU PRALE NAN RANDEVOU WIC OU:

Nan jou randevou a, sonje pou pote papye yo ak sa nou mande ou pou bay yo!

**1. Prèv idantite ou (Egzanp):**
- Pyès idantifikasyon ki gen foto
- Lisans chofè ou
- Pyès idantifikasyon lekòl ou
- Batistè ou
- Kat Medicaid Delaware ou
- Paspò ou
- Pyès Idantifikasyon Militè ou

**2. Prèv Idantite pou pitit/tibebe ou (Egzanp)**
- Batistè
- Papye plasman nan fanmi akèy/papye adopsyon
- Kat Medicaid Delaware
- Dosye vaksinasyon

**3. Prèv ki montre kote w ap viv nan moman an. Prèv sa a dwe gen non ou ak adrès ou ladan. (Egzanp:**
- Bòdwo sèvis piblik
- Resi peman lwaye
- Kontra Afèmaj/Lojman
- Anvlòp yo te voye ba ou

**4. Prèv Revni Fanmi ou nan moman an pou tout moun k ap viv nan kay la (Egzanp):**
- Souch chèk peman nan djòb (yo) (2 dènye yo)
- Kat Medicaid
- Dènye souch chèk konpansasyon pou chomaj
- Yon deklarasyon konpansasyon travayè, sekirite sosyal, oswa revni sipò pou timoun
- Deklarasyon Konje ak Etadkont Salè nan Sèvis Militè(Military Leave and Earning Statement, LES)
- Dènye etadkont taks 1040 si ou se yon travayè endepandan

## SA POU POTE NAN BOUTIK MANJE ANGWO KI GEN OTORIZASYON EWIC

- ✓ Gid Pwogram WIC
- ✓ Balans Avantaj eWIC
- ✓ Lis sa pou Achte avèk eWIC
- ✓ Kat eWIC

**NIMEWO I.D. FANMI AN:** ____________

Non Chèf Kay la/Non Moun ki gen Kat la ____________

Dezyèm Paran ____________

Reprezantan ____________

Non Patisipan an ____________ Nimewo ID WIC ____________

Non Patisipan an ____________ Nimewo ID WIC ____________

Non Patisipan an ____________ Nimewo ID WIC ____________

Non Patisipan an ____________ Nimewo ID WIC ____________

Non Patisipan an ____________ Nimewo ID WIC ____________

Si ou achte, vann oswa mal itilize avantaj WIC, ou fè yon krim. Pou rapòte abi ou sispèk, rele nimewo 800-424-9121 oswa ale sou sitwèb www.usda.gov/oig/hotline.htm.

MANJE BEBE, SEREYAL TIBEBE, LÈT ANPOUD, LÈT, ZE, PWASON, FWOMAJ

FWI AK LEGIM, YOGOUT, MANBA AK GRENN KONPLÈ

JI AK SEREYAL DEJENE

FASON POU ITILIZE AVANTAJ eWIC OU

DWA AK RESPONSABLITE OU YO

SA POU POTE LÈ OU PRALE NAN RANDEVOU WIC OU:

Nan jou randevou a, sonje pou pote papye

## MANJE BEBE

### GERBER OSWA MAK BEECH-NUT SÈLMAN

**FWI AK LEGIM**

**Mak Gerber - 2nd Foods (2 bwat)**
**Mak Beech-Nut Classics - 2nd Foods (bokal 4 ons)**

- Fwi senp oswa ki melanje
- Legim senp oswa ki melanje
- San sik anplis, san fekilan oswa sèl anplis
- San DHA/ARA anplis
- Melanj Fwi ak Legim



***OU PA KAPAB ACHTE:*** desè, dine, tat fwi, delis, krèm anglè, yogout, melanj oswa òganik

**VYANN**

**Mak Gerber - 2nd Foods**

SÈLMAN TIBEBE KI NAN TETE sèlman

**Bwat 2 1/2 ons**

- Vyann senp avèk bouyon
- Vyann senp avèk sòs

***OU PA KAPAB ACHTE:*** dine, graduates, ti baton oswa òganik

## SEREYAL POU TIBEBE

### MAK GERBER OSWA MAK BEECH-NUT SÈLMAN

**Bwat 8 ons oswa 16 ons**

Chwa ki otorize nan sereyal grenn senp ki endike anba la yo:

- Multigrain
- Diri
- Òj
- Avwàn
- Ble Konplè

***OU PA KAPAB ACHTE:*** sereyal avèk fwi ajoute, lèt anpoud, DHA/ARA oswa òganik



## PWASON NAN BWAT KONSÈV

### MAK MAKÈT LA OSWA MAK KI DEZIYEN AN

**Bwat 5, 14 ak 28 ons**

*Disponib sèlman manman k ap bay tibebe yo tete ak fanm ansent oswa pou manman k ap bay tibebe marasa oswa tibebe triplè yo tete.*

- Light Tuna, chunk - ki konsève nan dlo
- Wild Alaska oswa Pink Salmon - ki konsève nan dlo

POU SÈLMAN MANMAN K AP BAY TIBEBE YO SÈLMAN TETE sèlman

***OU PA KAPAB ACHTE:*** albacore tuna, tuna spreads oswa nenpòt lòt kalite somon, bwat pou repa midi oswa pwason ki gen savè ajoute

## LÈT AN POUD TIBEBE

Yon sèl mak, kalite ak dimansyon ki preskri pou patisipan WIC.

***OU PA KAPAB ACHTE:*** okenn lòt mak, kalite oswa dimansyon

W ap bezwen kontakte biwo lokal WIC ou pou retounen oswa boukante lèt anpoud yo.

## LÈT

### MAK MAKÈT LA OSWA MAK KI DEZIYEN AN

**Kalite ak dimansyon ki presize**

**Fre (ki pa gen savè)**

- Konplè, Fèb Kantite Grès (1%), San Krèm

**Sèlman lè li endike:**

- Laktoz Redui (Konplè, Fèb Kantite Grès (1%), san Krèm)
- Lèt Evapore (Konplè, Fèb Kantite Grès (1%), san Krèm)
- UHT "Tanperati ki Iltra Wo" (Konplè, Fèb Kantite Grès (1%), san Krèm) (egzanp: Parmalat, Natrel, elatriye)
- Lèt Soja (8th Continent: Original or Vanilla) (Silk: Original)
- Dry Milk

***OU PA KAPAB ACHTE:*** Lèt ki gen savè, lèt kri ki pa pasterize, ranplasan lèt ki pa abaz lèt, lèt diri, òganik oswa lèt zanmann

## ZE

### MAK MAKÈT LA OSWA MAK KI DEZIYEN AN

**Yon Douzèn, Gwo, Blan sèlman**

***OU PA KAPAB ACHTE:*** mawon, free-range, ze espesyalite (Eggland's Best or EggsPlus) oswa òganik



## FWOMAJ

### MAK MAKÈT LA OSWA MAK KI DEZIYEN AN

**Bwat 1 liv (16 ons) sèlman**

Chwa ki otorize nan sa ki endike anba la yo:

- Pasteurized Processed American
- Cheddar (blòk)
- Mozzarella (blòk)

***OU PA KAPAB ACHTE:*** Bwat 8 ons, fwomaj enpòte, manje ki gen fwomaj, pwodui oswa pat pou tatine ki gen fwomaj, fwomaj rape ki gen savè ajoute, tranch fwomaj rape apa, òganik, Velveeta, Cheez Whiz, Kraft Singles, pwodui ki gen fèb kantite grès oswa baton fwomaj, fwomaj fre tranche, bwat varyete(sètadi American/Swiss)



MANJE BEBE, SEREYAL TIBEBE, LÈT ANPOUD, LÈT, ZE, PWASON, FWOMAJ

FWI AK LEGIM, YOGOUT, MANBA AK GRENN KONPLÈ

JI AK SEREYAL DEJENE

FASON POU ITILIZE AVANTAJ eWIC OU

DWA AK RESPONSABLITE OU YO

## FWI AK LEGIM FRE

### FWI AK LEGIM FRE SÈLMAN

- Nenpòt varyete fwi ak legim angwo ki fre
- Fwi ki nan sache
- Melanj salad ki nan sache (san sòs salad, kwouton, nwa, oswa vyann ajoute)
- Legim melanje ki nan sache
- Tib fwi oswa legim koupe (san sòs salad oswa tranpèt)
- Òganik

***OU PA KAPAB ACHTE:*** fwi konjle, legim konjle, fwi nan bwat konsèv, legim nan bwat konsèv, fwi sèk, legim sèk, zèb, (sètadi, bazilik, kòryann, pèsi), epis (sètadi gous vaniy, baton kanèl) oswa tas fwi (sètadi., Del Monte, Dole)



## YOGOUT

### BWAT 32 ONS SÈLMAN
### SAVÈ ÒDINÈ OSWA VANIY SÈLMAN

**Grès Konplè, Fèb Kantite Grès jan li endike sou Anbalaj Manje a**

***OU PA KAPAB ACHTE:*** Yogout grèk òganik, ki kapab bwè, yogout ki gen edilkoran ki pa nitritif, yogout ki gen melanj-nan-engredyan tankou ba-sereyal, moso bonbon, siwo myèl, nwa



## MANBA

### MAK MAKÈT LA OSWA MAK KI DEZIYEN AN

**Bokal 16 - 18 ons**
- Creamy
- Crunchy

***OU PA KAPAB ACHTE:*** manba anpoud, bè kakawèt, manba ki gen savè ajoute oswa manba fòtifye, natirèl oswa òganik

## PWA SÈCH / PWA VÈT

### MAK MAKÈT LA OSWA MAK KI DEZIYEN AN

**Sache 1 liv (16 ons)**

Chwa ou nan:
- Nenpòt pwa sèch ki gen matirite
- Pwa vèt
- Lantiy

***OU PA KAPAB ACHTE:*** melanj soup, oswa pwa nan bwat konsèv, oswa pwa ki melanje avèk epis oswa vyann

## SEREYAL KONPLÈ

### TÒTIYA BLE KONPLÈ 100%

### MAK MAKÈT LA OSWA MAK KI DEZIYEN AN

**Bwat 1 liv (16 ons)**

Tòtiya Ble Konplè 100% sèlman Farin ble konplè dwe se premye engredyan ki nan lis la.

- Tòtiya Konplè 100% Don Pacho
- Tòtiya Food Lion Konplè 100%
- Tòtiya Giant Farin Ble Konplè 100%
- Tòtiya Great Value Konplè 100%
- Tòtiya Natures Promise Konplè
- Tòtiya Micasa Konplè
- Tòtiya Mission Farin Ble Konplè 100%
- Tòtiya Ortega Ble Konplè
- Tòtiya Siempre Autentico Konplè
- Tòtiya Wesi Ble Konplè

### PEN BLE KONPLÈ 100%

### MAK MAKÈT LA OSWA MAK KI DEZIYEN AN

**Bwat 1 liv (16 ons)**

Pen ble Konplè 100% sèlman Farin ble konplè dwe se premye engredyan ki nan lis la.



## JI

### MAK MAKÈT LA OSWA MAK KI DEZIYEN AN

Boutèy plastik 64 ons (pou timoun) oswa konsantre konjle 11.5 - 12 ons (pou manman)

### JI FWI 100% SÈLMAN

- San sik ajoute
- Nou pa aksepte òganik oswa DHA
- Nou pa aksepte ji tibebe
- Nou pa aksepte kòktèl ji, bwason oswa ade
- Nou pa aksepte ji ki gen kalsyòm oswa ki fòtifye avèk fib

| Mak | Pwodui |
|---|---|
| Best Yet | Konsantre Konjle 12 ons<br>- Pòm - Zoranj |
| Essential Everyday | Konsantre Konjle 12 ons<br>- Pòm - Zoranj |
| Food Lion | Konsantre Konjle 12 ons<br>- Pòm - Zoranj |
| Giant | Konsantre Konjle 12 ons<br>- Pòm - Zoranj |
| Great Value | Konsantre Konjle 12 ons<br>- Pòm - Zoranj |
| Juicy Juice | Boutèy Plastik 64 ons<br>Nenpòt savè |
| Lucky Leaf | Boutèy Plastik 64 ons<br>- Pòm |
| Musselman's | Boutèy Plastik 64 ons<br>-Apple -Premium Apple |
| Old Orchard 100% Juice | Boutèy Plastik 64 ons<br>nenpòt savè ki gen bouchon vèt fonse<br>Konsantre Konjle 12 ons<br>nenpòt savè ki gen bouchon vèt fonse |
| Seneca | Boutèy Plastik 64 ons<br>- Pòm<br>Konsantre Konjle 12 ons<br>- Pòm - Rezen |
| ShopRite | Konsantre Konjle 12 ons<br>- Pòm - Zoranj |
| Signature Kitchens | Konsantre Konjle 12 ons<br>- Pòm - Zoranj |
| Tipton Grove | Konsantre Konjle 12 ons<br>- Pòm - Zoranj |
| TreeTop | Konsantre Konjle 12 ons<br>- Pòm - Zoranj |
| Weis | Konsantre Konjle 12 ons<br>- Pòm - Zoranj |
| Welch's | Konsantre Konjle 11.5 ons<br>nenpòt savè ki gen yon bann jòn |
| WhiteHouse | Boutèy Plastik 64 ons<br>- Pòm |



# SEREYAL AK JI

BON SOUS FÈ, FIB, ASID FOLIK AK LÒT ELEMAN NITRITIF

## SEREYAL DEJENE

### SEREYAL FRÈT


General Mills
**Cheerios**


General Mills
**Multi-Grain Cheerios**


General Mills
**Kix**


General Mills
**Corn Chex**


General Mills
**Rice Chex**


General Mills
**Wheat Chex**


General Mills
**Wheaties**


Pwodui Kellogg
**Kònflèks**


Kellogg's
**Crispix**


Kellogg's
**All-Bran Complete Wheat Flakes**


Pwodui Kellogg
**Frosted Mini Wheats**


B&G
**Krèm Ble Original**
*Nou PA aksepte bwat ki gen pòsyon apa*


B&G
**Krèm Ble Grenn Konplè**
*Nou PA aksepte bwat ki gen pòsyon apa*


Quaker
**Avwàn ki kwit vit**
*(regular/original)*
*Bwat ki gen pòsyon apa sèlman*

# FASON POU ITILIZE
# AVANTAJ EWIC OU:




**DI *Wi* POU KAT KOUPON, ESPESYAL AK RABÈ NAN MAKÈT!**

**DI *Non* FO MAK, RANBOUSMAN AK IOU**

1) Chwazi yon makèt ki gen otorizasyon Delaware WIC.

2) Chwazi atik ou vle achte yo nan lis sa pou achte oswa kantite lajan avantaj ou ki rete.

- Ou pa gen obligasyon pou achte tout atik ki nan lis sa pou achte a.
- Nou pa aksepte ou achte fo mak poutèt pa genyen nan makèt kote w ap achte a.
- Si yon makèt ofri ou yon fo mak atik, rapòte makèt la ba biwo lokal WIC ou.
- Si makèt la pa gen atik ou bezwen (yo), tanpri mande èd anvan ou peye nan kès la. Si atik(yo) pa disponib, ou ka eseye yon lòt makèt.

1. Anvan ou eskane nenpòt manje, fè kesye a konnen w ap itilize yon kat eWIC.
2. TOUJOU ITILIZE KAT EWIC OU ANVAN LÒT FÒM PEMAN (SNAP, kat kredi, kat debi, elatriye).
3. Pase Kat eWIC ou nan machin Point-Of-Sale (POS) oswa lonje kat eWIC ou ba kesye a.
4. Antre PIN ou epi peze bouton enter nan klavye a.
5. Kantite lajan ki apwouve pou atik alimantè ak kantite lajan ki apwouve pou fwi ak legim ou achte yo ap soti nan avantaj eWIC ou.
6. Kesye a ap ba ou yon resi k ap montre balans ki rete nan avantaj ou ak dat avantaj yo ap ekspire.

# DWA AK RESPONSABLITE OU YO

**M AP:**

- Fè ekip WIC konnen si mwen pa kapab ale nan randevou mwen, anvan mwen rate randevou a.
- Fè EKIP WIC konnen si gen chanjman nan kondisyon mwen pou kalifye.
- Pote Prèv Idantifikasyon mwen nan chak vizit m ap fè nan biwo WIC.
- Itilize kat eWIC kòrèkteman. M ap:
  - Kenbe li pwòp, lwen leman ak aparèy elektwonik, epi mwen p ap kite li nan kontak dirèk avèk solèy la.
  - Pwoteje kat eWIC mwen ak PIN mwen.
    *Pran prekosyon mwen pou mwen pa divilge kat eWIC mwen ak PIN mwen ba lòt moun. Mwen p ap ranplase avantaj manje a si nenpòt moun mal itilize kat eWIC mwen apre mwen bay li kat eWIC ak/oswa PIN mwen.*
  - Fè ekip WIC konnen si kat eWIC mwen pèdi oswa si yo vòlè li.
- Achte sèlman manje ki nan lis sa pou mwen achte yo. Nou pa aksepte ranplasman, fo mak oswa IOU.
- Montre dezyèm paran mwen ak/oswa moun mwen chwazi fason pou itilize kat eWIC la kòrèkteman. Mwen responsab pou aksyon yo.
- Fè ekip WIC konnen nenpòt plent oswa pwoblèm konsènan makèt la.

**RÈG WIC**

- Mwen ka pou ranbouse depans manje WIC mwen te resevwa oswa mwen te ka pran nan WIC epi/oswa yo ka fè aksyon legal kont mwen si:
  - Mwen pa di laverite.
  - Eseye patisipe oswa patisipe toutbon nan plis pase yon pwogram WIC anmenmtan.
  - Eseye jwenn oswa jwenn avantaj yo toutbon sou yon lòt non.
  - Eseye achte oswa achte manje toutbon oswa nenpòt lòt atik ki pa nan Lis sa pou mwen achte avèk WIC mwen.
  - Eseye retounen oswa boukante nenpòt nan manje mwen yo ak/oswa lèt anpoud ki otorize avèk WIC.
  - Eseye vann oswa fè kado kat eWIC mwen oswa nenpòt nan avantaj WIC mwen (manje, lèt anpoud, ponp tete) Sa gen ladan fè òf aloral oswa afiche yon òf nan papye oswa sou entènèt.
  - Itilize langaj chokan, menase oswa fè vyolans fizik sou moun ki nan biwo WIC oswa nan makèt ki gen otorizasyon WIC.

***SONJE***

- Mezi tankou wotè, gwosè ak yon tès emoglobin san ap fèt pandan y ap detèmine si mwen kalifye pou WIC.
- Mwen responsab pou aksyon dezyèm paran mwen ak/oswa moun mwen reprezante.

**DIVILGASYON ENFÒMASYON** Mwen rekonèt lè mwen bay enfòmasyon pwogram WIC ki idantifye yon moun yo kapab divilge yo ba ekip WIC, Divizyon Sante Piblik oswa Ofisyèl USDA. Yo ka divilge enfòmasyon yo tou ba reprezantan Direktè Sante Piblik chwazi ak pwogram èd sosyal chwazi k ap ede patisipan WIC yo tankou Rejis Vaksinasyon Delaware. Y ap itilize enfòmasyon sa yo sèlman pou evalye kalifikasyon patisipan WIC yo pou pwogram sa yo ak pou objektif asistans lan.

Yo te fè mwen konnen Dwa ak Obligasyon mwen anba Pwogram nan. Mwen konfime enfòmasyon mwen bay pou detèmine si mwen kalifye se enfòmasyon ki kòrèk dapre tout sa mwen konnen. Yo fè fòm konfimasyon sa a anrapò avèk resepsyon Èd Federal la. Ofisyèl pwogram nan ka verifye enfòmasyon yo ki nan fòm sa a. Mwen rekonèt si mwen fè espre pou fè fo deklarasyon oswa deklarasyon ki twonpe moun oswa pou bay fo enfòmasyon oswa si mwen fè espre pou bay fo enfòmasyon, pou kache nan enfòmasyon yo, oswa pou retire nan enfòmasyon yo, sa ka lakòz mwen peye Ajans Leta, an lajan kach, valè avantaj manje yo ban mwen yon fason ki pa kòrèk epi mwen ka tonbe anba pouswit kriminèl nan lajistis anba lwa leta oswa lwa federal. Mwen ka konteste nenpòt desizyon ajans lokal pran konsènan kalifikasyon mwen pou pwogram nan. M ap rele sant klinik lan, oswa biwo Ajans Eta a nan nimewo 1-800-222-2189 si mwen pa dakò oswa si mwen gen nenpòt kesyon sou nenpòt desizyon yo pran nan biwo a.



## SI OU BEZWEN CHANJE RANDEVOU PWOGRAME OU, ALE SOU SITWÈB www.de.gov EPI ANTRE NAN PETAL MYWIC KLIYAN!

Biwo WIC: ______________________ Nimewo Telefòn Biwo WIC: ______________________

| DAT LA | LÈ A | RE-KONFIMASYON | RECHAJE | LÒT | SA POU SONJE |
| --- | --- | --- | --- | --- | --- |
| | | | | | |
| | | | | | |
| | | | | | |
| | | | | | |
| | | | | | |
| | | | | | |
| | | | | | |
| | | | | | |
| | | | | | |
| | | | | | |
| | | | | | |
| | | | | | |

Si ou rate randevou WIC ou:

- ou ka jwenn reta pou resevwa avantaj yo,
- ou ka pèdi avantaj yo oswa
- nou ka sispann ou nan WIC.

Rele biwo a imedyatman pou pran yon lòt randevou.

SONJE: - Pwoteje kat eWIC ak PIN ou. Avantaj ou depanse yo p ap ranplase.

# KONSÈY POU LÈ W AP ACHTE AK SA POU SONJE



- Jere kat eWIC ou avèk anpil prekosyon; se tankou lajan kach.
- Achte manje WIC nan boutik manje angwo ki otorize nan Delaware epi ki afiche otokolan "We Accept eWIC"(Nou Aksepte eWIC nan pòt yo.
- Toujou itilize kat eWIC ou anvan lòt fòm peman yo (SNAP, kat kredi, kat debi, elatriye).
- Kontakte www.ebtedge.com oswa 1-877-289-8208 touswit si gen yon pwoblèm avèk kat eWIC ou.
- Kontakte biwo lokal WIC ou si nenpòt chanjman nesesè nan anbalaj manje ou.
- Ou pa kapab retounen manje WIC yo nan boutik la pou resevwa kredi, oswa pou boukante yo pou lòt atik.
- Apre ou itilize tout avantaj ou yo, sere kat eWIC ou! W ap itilize menm kat eWIC ou pou achte pwochen avantaj ou yo.
- Montre ou poli avèk kesye a.



Dapre lwa, federal konsènan dwa sivil yo ak règleman ak politik Depatman Agrikilti Etazini (U.S. Department of Agriculture, USDA) konsènan dwa sivil yo, USDA, ajans li yo, biwo li yo ak anplwaye li yo ak enstitisyon li yo k ap patisipe nan pwogram USDA oswa k ap administre pwogram sa yo gen entèdiksyon pou fè diskriminasyon akòz ras moun, koulè moun, peyi kote moun soti, sèks moun, andikap moun, oswa zak vanjans oswa vanjans pou aktivite pou dwa sivil anvan oswa aktivite USDA òganize oswa finanse.

Moun andikape ki bezwen lòt kalite mwayen pou kominike pou jwenn enfòmasyon sou pwogram nan (pa egzanp, Bray, gwo lèt, kasèt-odyo, Langaj Siy Ameriken, elatriye), ta dwe kontakte Ajans (Leta oswa lokal) kote yo te aplike pou avantaj yo. Moun ki soud oswa ki mal pou tande oswa ki gen andikap pou pale ka kontakte USDA nan Sèvis Relè Federal (Federal Relay Service) nan nimewo (800) 877-8339. Answit, nou ka mete enfòmasyon sou pwogram nan disponib nan lang ki pa Anglè.

Pou depoze yon plent kont pwogram nan akòz diskriminasyon, ranpli Fòm Plent USDA pou Diskriminasyon(AD-3027). Ou ka jwenn fòm nan sou entènèt nan sitwèb: http://www.ascr.usda.gov/complaint_filing_cust.html, epi nan nenpòt biwo USDA, oswa ekri yon lèt pou voye ba USDA epi nan lèt la bay tout enfòmasyon nou mande nan fòm nan. Pou mande yon kopi fòm plent lan, rele nimewo 866-632-9992. Prezante fòm ou ranpli a oswa lèt la ba USDA:

(1) pa lapòs: Depatman Agrikilti Etazini
Office of the Assistant Secretary for Civil Rights
1400 Independence Avenue, SW
Washington, D.C. -9410

(2) nan faks: (202) 690-7442; oswa

(3) nan imèl: program.intake@usda.gov.

Enstitisyon sa a se yon founisè sèvis ki bay opòtinite egalego pou tout moun.

Delaware WIC Program
655 Bay Road, Suite 1C
Dover, DE 19901
1-800-222-2189
www.de.gov/wic

**Ou gen kesyon?**
**Oswa pou pran yon randevou, rele:**
Konte New Castle: 302-283-7540
Konte Kent ak Sussex: 302-424-7220

Enfòmasyon ki nan klasè sa a ka chanje.